

Chanjman Swen Sante nan Men (Maine) pou Imigran e Refijye

Nan janvyè 2014 chanjman nan sistèm swen sante federal ap ede kèk imigran e refijye nan Men (Maine) jwenn asirans sante. Asirans sante ede peye pou swen sante, tankou pri vizit dòktè oswa medikaman.

Yon **NIVO** asirans sante **Mache Asirans Medikal** ap ede imigran legalman e refijye resevwa asirans sante pou ede peye pou swen sante.

Lè ou ranpli yon fòm pou Mache Asirans Medikal w'ap vin konnen si ou kalifye pou **MaineCare**. **MaineCare** se yon pwogram asirans piblik ki ede moun ki pa fè anpil lajan jwenn swen sante.

Si ou pa kalifye pou **MaineCare** ou ta ka jwenn ed pou achte asirans sante prive.

Si ou ka reponn WI pou 2 kesyon sayo epi li ta ka possib w'ap elijib pou MaineCare:

1. Eske mwen kalifye pou MaineCare baze sou sityasyon mwen e lajan mwen antre chak ane?

Depann de lajan ki antre, ou **ta ka** kalifye pou MaineCare si ou ladan yon nan gwoup sayo: (1) timoun (ki gen mwens ki 21 ane); (2) fanm gwo vant; (3) parann; (4) granmoun laj 65 ane e plis.

2. Eske mwen kalifye pou MaineCare baze sou estati imigrasyon mwen?

Ou gen anpil chans kalifye si estati imigrasyon ou se yon nan gwoup sayo:

- Laj ou mwens ki 21 ane, epi ou isit Etazini legalman;
- Fanm gwo vant epi ou isit Etazini legalman;
- Te vini Etazini kom refijye;
- resevwa Azil (si ou gen yon aplikasyon e w'ap tann repons, ou kalifye sèlman si ou gen mwens ki 21 ane oubyen si ou gwo vant); **OUBYEN**
- Ou se yon Rezidan Pèmanan (avek yon kat vè) pou pi piti 5 ane.

MaineCare Ijans: Si ou te reponn **WI sou kesyon #1**, men **NON sou kesyon #2**, ou ka resevwa **MaineCare Ijans**. Sa ap peye sèlman pou sèvis swen sante ki nesèsè pou estabilize pwoblèm sante ki serye anpil.

Pwogram Medicare: Si ou se yon Rezidan Pèmanan epi ou gen 65 ane oubyen plis epi ou gen 5 ane pi piti viv Etazini li possib ou ta ka resevwa ed **Medicare**. Aplikasyon nan **Mache Asirans Medikal** ap ede ou wè si ou kalifye pou **Medicare**.

Si ou pa kalifye pou MaineCare Komplet oubyen Medicare epi ou se yon **“rezidan legal”** Etazini, ou ka achte asirans sante prive nan Mache Asirans Medikal. Li possib ou ta ka kalifye pou ed pou peye pou yon plan asirans sante prive ki sètifye nan Mache Asirans Medikal.

Gwoup sayo ki make sou lis anba se imigran ki Etazini legalman epi ta ka kalifye pou ede lè yo achte asirans sante nan Mache Asirans Medikal:

Refijye	Azil politik
Rezidan Pèmanan Legalman (LPR) (kat vè)	Moun Azil ki ap tann repons aplikasyon-an (avek otorizasyon travay)
Imigran ki jwenn antre Etazini avek kondisyon espesyal	Imigran avek Visa U ki te viktim krim
Estati Kiban/Ayisyèn	Travayè avek visa H-2A e visa H-2B tanporè oubyen sezonye
Mesye oubyen Madam e timoun ki te jwenn abi	Estati Pwoteje Tanporè (TPS)
Imigran avek estati Aksyon Atann (DACA pa ladan)	Lòt gwoup ki Etazini ki rete Etazini legalman

Kilè Mache Asirans Medikal ap komanse?

Ou ka kòmanse enskri nan 1 oktòb 2013. Kovèti asirans ap komanse janvyè 2014.

Eske asirans sante nan Mache Asirans Medikal ap bon mache?

Si ou pa antre anpil lajan, men ou pa ka resevwa MaineCare, li possib ou ta ka resevwa lajan kredi taks epi sibvansyon ki sòt nan men gouvènman pou ede ou peye pou plan asirans ou-a.

Pa antre lajan or antre lajan ba: Si lajan ou antre se mwens ki 250% nivo mizè federal (kounye-a \$28, 725 pou yon kay ak yon moun sèl, oubyen \$58, 875 pou yon kay ak 4 moun) ou ta ka elijib pou kredi taks epi ed avek depans sante ki sou kont ou. Si lajan ou antre we mwens ki 133% nivo mizè federal ou pap bezwen peye plis ki 2% lajan ou antre pou fre prim (2% pou yon kay ak yon moun sèl ki anba nivo mizè se \$19 pa mwa). Ap genyen sibvansyon pou ede avek kèk, pa tout, depans ki sou kont ou pou swen sante.

Antre lajan modere: Si lajan ou antre se nan mitan 251% e 400% nivo mizè federal (\$28, 725 pou yon moun sèl jiska \$45, 960 pou yon kay) ou ka elijib pou kredi taks pou kouvri yon pòsyon pri prim.

Kijan mwen ka vin konnen ki asirans sante mwen ka resevwa?

Ou ka ranpli aplikasyon Mache Asirans Medikal sou entènèt, sou telefon, oubyen anfas avek yon moun pou dekouvri si ou kalifye pou MaineCare oubyen ed pou achte yon plan asirans sante ki kalifye.

Pou aprann plis enfòmasyon vizite www.healthcare.gov oubyen rele Assistans Mache Asirans Medikal (yon nimewo espesyal pou kesyon de Mache Asirans Medikal): 1-800-318-2596

Eske se yon fòk pou mwen achte asirans sante?

Kòmansman janvyè 2014, si ou rete Etazini legalman ou ka bezwen pran asirans sante. Si ou antre ti lajan kote ou pa bezwen peye taks **OUBYEN** si ou antre ti lajan e menm avek sibvansyon yo w'ap oblije peye plis ki 8% lajan ou antre pou pri prim ou pa'p bezwen achte asirans. Si ou oblije jwenn asirans e ou pa achte, ou ka bezwen peye yon pinisyon lè ou fè taks ou.

Kisa pou mwen fè si mwen ka kalifye pou MaineCare e mwen pa ka peye pou achte asirans nan Mache Asirans Medikal?

CarePartners ede peye pou vizit dòktè epi lòt pri swen sante nan zòn espesyal. **(Rele 1-877- 626-1684)**

MedAccess konn ede peye pou medikaman. **(Rele 1-877-275-1787)**

Free Care Lopital pa asirans, men li ka ede peye pou kèk pri swen sante nan lopital pou moun ki pa fè anpil lajan.

Pou vin konnen kijan de ed ou ka resevwa rele nimewo assistans Consumers for Affordable Health Care: 1-800-965-7476